Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 113 (25842)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 28 июн — хурхæтæны мæйы 28 бон, æртыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ТУРИЗМ
Хъусдарды домæнтæ

3 2023 – НАРТИАДÆЙЫ АЗ
Цин æмæ кады хъуыддаг

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Дзюдо

Медиафорум

Дзыллон информацийы фæрæзтыл – уæлдай бæрндзинад

12-13 июлы Дзæуджыхъæуы йæ куыст кæндзæн дзыллон информацийы фæрæзты минæвæрттæ медиафорум "PRO Кавказ".

Зындгонд куыд у, афтæмæй журналистты, блогерты, PR-специалисттæ, медиаэкспертты ахæм уæрæх æмбырд Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты ныр арæзт



æрцæудзæн дыккæгæм хатт. Форумæн бындур æвæрд æрцыд 2022 азы РЦИ-Аланийы Сæргълæуæг **Сергей Меняйлойы** хъæппæрисæй.

Фыццаг форум зæрдæмæдзæугæ рауад, хъæздыг уыд алыхуызон цымыдисаг фембæлдтытæй. Йæ архайджытæн фадат уыд нырыккондæр информацион технологитимæ базонгæ уæвынæн, алы регионты дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ фæлтæрддзинадæн аргъ скæнынæн æмæ афтæ дарддæр.

Фароны форумы бæрæггæнæнтыл æнцой кæнгæйæ, ацы азы организацион комитет бацархайдта, цæмæй йæ программæ рауайа ноджы хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр. Уыдзæн дзы алыхуызон ахуырадон семинартæ, лекторитæ, "цæлхæмбырдтæ", презентацитæ...

Ныридæгæн куыд сбæрæг, афтæмæй Цæгат Кавказы регионтæй уæлдай, фембæлды архайдзысты Мæскуыйы, Дард Хурыскæсæн æмæ æндæр уæрæсейаг регионты минæвæрттæ. Уыдонæй уæлдай форуммæ саккаг кæндзысты Хуссар Ирыстоны, Сомихы, Белорусси æмæ æндæр бæстæты дзыллон информацийы фæрæзты кусджытæ дæр.

Уыимæ, форумы архайыны тыххæй Дзæуджыхъæумæ ссæудзысты федералон телеканалтæ æмæ газетты минæвæрттæ дæр. Уыдоны нымæцы — Паддзахадон Думæйы депутат, зындгонд журналист **Евгений Попов**, медиаэксперттæ **Иван Сухов**, **Николай Яковлев**, телеамонæг **Александр Смол** æмæ иннæтæ.

Ацы азы форумы сæйрагдæр темæ уыдзæн ахæм: "Медиатыгъдад: мæнг хабæрттæ æмæ æцæгдзинад. Информацион политикæйы сæйрагдæр бындуртæ".

СЛАНТЫ Аслан

Нысантæ

Ныййарæджы капитал – сывæллæтты ахуырæн

Цæгат Ирыстоны 3600 бинонты бæрц ныййарæджы (бинонты) капитал арвыстой программæйы архайды сывæллæтты æппæт рæстæджы ахуырæн. Скъолайы, уæлдæр ахуыргæнæндоны кæнæ колледжы ахуыр кæнынæн ныййарæджы капитал фидæн ис, сывæллоныл æртæ азы куы сæххæст уа, уыйфæстæ.

Скъолайы агъоммæйы ахуырæн фæрæзтæй пайдагæнæн ис сертификат райсыны хæдуæлвæд. Ахуыр райдайыны размæ сывæллон хъуамæ уа 25 азæй кæстæр.

Фаронæй фæстæмæ ныййарæджы капиталæй фидæн ис, хицæн амалхъомтæ цы рæвдауæндæттæ æмæ скъолатæ байгом кодтой, уыдонæн, кæд сæм ахуырады архайыны бар ис, уæд. Ныййарджытæн сæ бон у, фæрæзтæй пайда кæнгæйæ, сывæллæтты æххуырст ахуыргæнджытæн æмæ хицæн амалхъомтæн кæнæ, агентадты чи кусы, уыцы сывæллонгæстæн фидын.

Ахуырадон организаци æмæ Социалон фондæн кæд бадзырд арæзт ис информацион æмархайды тыххæй, уæд ныййарджыты нæ хъæуы фондмæ ахуырадон лæггæдтæн фидыны тыххæй бадзырд хæссын.

Абоны онг Уæрæсейы Социалон фонды республикон хайадæн ис æмархайды бадзырдтæ æппæт уæлдæр æмæ астæуккаг сæрмагонд ахуырадон уагдæттимæ (7 уæлдæр æмæ 18 астæуккаг сæрмагонд ахуырады уагдæттæ) сæйаг регионты минæвæрттæ. Уыдонæй уæлдай форуммæ саккаг кæндзысты Хуссар Ирыстоны, Сомихы, Белорусси æмæ æндæр бæстæты дзыллон информацийы фæрæзты кусджытæ дæр.

Уыимæ, форумы архайыны тыххæй Дзæуджыхъæумæ ссæудзысты федералон телеканалтæ æмæ газетты минæвæрттæ дæр. Уыдоны нымæцы — Паддзахадон Думæйы депутат, зындгонд журналист **Евгений Попов**, медиаэксперттæ **Иван Сухов**, **Николай Яковлев**, телеамонæг **Александр Смол** æмæ иннæтæ.

Ацы азы форумы сæйрагдæр темæ уыдзæн ахæм: "Медиатыгъдад: мæнг хабæрттæ æмæ æцæгдзинад. Информацион политикæйы сæйрагдæр бындуртæ".

СЛАНТЫ Аслан

Æмбырд

Наркотикты ныхмæ къамисы архайд

Республикæйы наркотикты ныхмæ къамисы æмбырд сарæзта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой, æнæнаркотиктæ чи нал фæразы æмæ уыдонимæ тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ, æнæмæнг, хи дзæбæх кæнынæй йæхи чи фæтылиф кæны, уыдоны нымæц фæкъаддæр кæныны мадзæлттыл, стæй Уæрæсейы Федерацийы наркотикты ныхмæ паддзахадон политикæйы сæйраг нысантæ 2030 азы онг æххæст кæныны фæдыл фæсивæды 'хсæн æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ социалон райрæзты органты профилактикон куыст тыххæй.



Сергей Меняйло куыд бацамыдта, афтæмæй регионы наркотикты ныхмæ арæзт политикæйы нысантæ раздæрау сты, чи сæ уæй кæны æмæ сæ чи 'лхæны, уыдоны нымæц фæкъаддæр кæныны сæйраг хæстæ.

— Æрæджы нæ республикæ бабæрæг кодтой Наркотикты ныхмæ архайды паддзахадон комитеты уæнгтæ. Уыдон хорзыл банымадтой, Цæгат Ирыстоны уыцы хъуыддагыл цы куыст цæуы, уый. Бæлвырддæр та, наркологон медицинон æххуысы фæлтæрддзинад, уыимæ, дзæбæх кæныны фæндагыл чи 'рлæууыд, уыдонæн æххуыс нымад æрцыд раззагдæрыл æмæ хаст æрцыд Уæрæсейы Федерацийы йæ дарддæр апарахат кæныны фæндон. Къамис ма хорзыл банымадта, ахуыр чи кæны, уыдоны иумæйагахуырадон уагдæтты профилактикон куыст куыд æвæрд у, уый. Фæлæ, нæ къухы цы бафтыд, ууыл æрлæууынæн нырма раджы у, — загъта регионы разамонæг.

Наркотиктæй пайда кæныны тыххæй республикæйы тæрхондæттæ хи дзæбæх кæныны, медицинон æмæ социалон реабилитацийы ацæуыны хæс кæуыл сæвæрдтой, уыдоны нымæц ныртæккæ у 364 адæймаджы. Ахæм бæрæггæнæнтæ фехъусын кодта республикæйы Министрады наркотикты зилдухмæ цæстдарды управленийы хицау **Хынцæгты Нодар.** Уый ныхасмæ гæсгæ, ацы азы фондз мæймæ къабазы кусджытæ хыгъды сæвæрдтой 128 адæймаджы, тæрхондоны хæстæ æххæст кæнынæй йæхи чи сайы, уыдоны нымæц та у 134.

Уый ма бафтыдта, зæгъгæ, административон иартæ æмæ æмбарынгæнæн куысты фæрцы фæстаг рæстæг фылдæр æргом здæхт цæуы сæхи дзæбæх кæныны тыххæй, тæрхондоны хæстæ чи не 'ххæст кæны, уыдонмæ.

— Наркотиктæм æмхиц адæмыл тæрхондоны хæстæ æххæст кæнынæн административон мадзал хорз хъомыс кæй дæтты, уымæ гæсгæ мидхъуыддæгты органтæ афæдзы райдайæнæй фæстæмæ административон æгъдауæй социалон райрæзты министр **Айдарты Алинæ.** Куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй абон Цæгат Ирыстоны наркологон хыгъды læууы 2724 адæймаджы. Уый, фарон ацафонимæ абаргæйæ, у 114 адæймаджы къаддæр.

Республикæйы Сæргълæууæг йе 'ргом аздæхта, 2023 азы 1 сентябрæй фæстæмæ федералон закъонæвæрынадмæ ног ивддзинæдтæм гæсгæ социалон реабилитацийы хæстæ læвæрд кæй цæуынц Фæллой æмæ социалон райрæзты министрадмæ.

Республикæйы уыцы ведомствæйы ахæм куыст цыдис раздæр дæр, — афтæ, Айдарты Алинæйы ныхасмæ гæсгæ, 2022 азы социалон реабилитацимæ æрвыст æрцыдысты 10 адæймаджы, уыдоны сдзæбæх кодтой, психоактивон буаргъæдтæм æмхиц кæй уыдысты, уымæй, æмæ сæ алкæмæн дæр læвæрд æрцыд 300 мин сомы аргъ сертификаттæ.

Къамисы æмбырды архайджытæ æркастысты нырыккон уавæрты фæсивæдимæ наркотикты ныхмæ тохы ног хуыздæй профилактикон куыст кæныны фарстатæм.

РЦИ-Аланийы Фæсивæды хъуыддæгты комитеты сæрдар **Джусойты Русланы** ныхасмæ гæсгæ фæсивæдон политикæйы программæ **"Регион — фæсивæдæн"** æххæст кæнгæйæ, арæзт цæуы æрвылазон наркотикты ныхмæ проекттæ, студентон змæлды раздзогты ахуырадон форумтæ, фестивалтæ, семинартæ æмæ æндæр ахуыртæ фæсивæдæн, республикон турниртæ æмæ ерыстæ спорты алы хуызтæй.

КАСАТЫ Батрадз

Конференци

Æрыгон амалхъомты хъæппæристæ

Ацы бонты Дзæуджыхъæуы йæ куыст кодта конференци "Фæсивæдон амалхъомад. Фадæтты рæстæг". Æмбырды архайджытæ се 'ргом аздæхтой æрыгон амалхъомты цымыдисагдæр проекттæ царды рауадзынмæ, фæсивæды хъæппæристæн уæлæмхасæн паддзахадон æххуыс кæнынмæ.

Конференцийыл бакуыстой РЦИ-Аланийы Экономикон рæзты министрады, Цæгат Ирыстоны Базарадон-промышленнон палатæ æмæ центр "Мæ бизнес"-ы минæвæрттæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй, куыд æппæт Уæрæсейы, афтæ регионты æмвæзадыл дæр æххæстгонд цæуынц фæсивæдон амалхъомадæн æххуысы программæтæ æмæ проекттæ. Уыдоны фæрцы æрыгон амалхъомты хъæппæристæ гæххæттыл фыстæй нæ баззайынц, уæрæх фæндаг сын ис цардмæ. Уыдæтты тыххæй, стæй фæсивæды амалхъомадон проекттæ царды рауадзынæн паддзахад цы уæлæмхасæн æххуыс кæндзæн, уый тыххæй уыд сæ раныхас республикæйы экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр** æмæ центр "Мæ бизнес"-ы директор **Гæджиты Батрадзæн.**

Цæгат Ирыстоны хъæууон хæдзарады министры хæдивæг **Къадзаты Игор**



та радзырдта, республикæйы агропромышленнон комплексы дарддæры райрæзтыл æрыгон амалхъомты хъæппæристæ куыд ахадынц, уый тыххæй.

Фæстаг рæстæг сæрмагонд мадзæлттæ арæзт цæуы, цæмæй амалхъомадон компанитæн, уыимæ, æрыгон амалхъомтæн дæр, фылдæр фадæттæ уа æддагон-экономикон архайд уæрæхдæр кæнынæн. Уыцы куыст куыд цæуы, стæй транспортон хызæг "Цæгат — Хуссар" куыд рæздзæн, уый тыххæй уыд йæ раныхас Цæгат Ирыстоны таможняйы хицауы хæдивæг **Гусаты Асланæн.**

Кæй зæгъын æй хъæуы, æппæт раныхасгæнджытæ дæр бæстон дзуаппытæ радтой конференцийы архайджытæ сæ куыст адарддæр кодтой алыхуызон темæтыл арæзт секциты.

ТЕДЕТЫ Янæ

Удварны бæрæгбон

Арфæ

ЗЫНАРГЪ ÆМБÆСТÆГТÆ!

Цæгатирыстойнаг пысылмæттæн сæ кадджындæр бæрæгбæттæй иуы — Хъуырман-байрамы фæдыл арфæ кæнын!

Фæлтæрæй-фæлтæрмæ кæй хæццæ кæнынц, стæй зæрдæхæлардзинад æмæ хæрзаудæндзинады иумæйагадæймагон хæзнатыл чи æнцайы, бæрæгбоны уыцы арфæйаг æгъдæуттæ дингæнджыты 'ргом здахынц пысылмон дины æнусон удварнон гуырæнтæм.

Æнусты дæргъы Ирыстоны бирæнацион æмæ бирæдинон культурæ нымад у нæ адæмы хæлардзинад æмæ иудзинады, стæй бæстæйы фæрныгады сæраппонд фæллой кæнынмæ тырнындзинады фидар бындурыл.

Зынаргъ æмзæххонтæ! Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд! Уадз æмæ ацы рæсугъд бæрæгбон ахъаз кæна адæймаджы удварнон рæстæн æмæ арфæйаг хъуыддæгтæн. Мæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, амонд, сабырдзинад æмæ фæрныгад!

ТУСКЪАТЫ Таймураз,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар

Энергетикæ

Цалцæггæнæн куыстытæ

Компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы специалисттæ Дыгуры район электрон тыхæй æфсадæг, 110 килоВольты бæрц "Дигорæ-110" дæлстанцæйы пъланон цалцæггæнæн куыстытæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц.



Регионы энергокомплекс фидæны фæззыгонзымæгон афонмæ цæттæ кæнынмæ арæзт чи у, амынд куыстытæ æххæстгонд цæуынц уыцы цалцæгкæнынады фæткмæ гæсгæ. Ивгъуыд æнусы 80-æм азты райдайæны скусæг энергообъекты трансформаторты иумæйаг хъару у 20 мегаВольт-Амперы.

Дæлстанцæ электрон тыхæй ифтонг кæны районы æхсæз хъæуы цæрæг 18 мин адæймагæй фылдæры, 15 промышленнон æмæ хъæууонхæдзарадон куыстуаты, стæй ахуырад æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады 29 кусæндоны. Энергетиктæ дæлстанцæйы тыхдæттæг трансформатортæ, хуыссынгæнæнтæ æмæ хицæнгæнæнтæ цалцæг кæнынц, стæй сæм техникон уагæй зилынц. Энергокомпани æппæт амынд куыстытæ æххæст кæны йæхи хъарутæй.

Энергообъект афоныл цалцæггонд кæй æрцæудзæн, уый фæрцы уыдзæн технологон аиппыты сæвзæрды тæссагдзинады къæпхæн бæлвырд фæкъаддæр кæныны фадат.

Компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы пресс-службæ

Дзырды фарн

Æппæт зæххæн фæллой – хицау.

Епхиты Тæтæри

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **28 июны,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **24-29 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **24-26 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,18 **Хурыскаст** — 04,24 **Хурныгуылд** — 19,42

Валютæйы аргъ **Доллар** — 85,14 ↑ **Евро** — 93,41 ↑

12+

Æмбырд

Социалон æххуыс æмæ фидæны нысантæ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд Хицауады уæнгтæ æмæ муниципалитеттæ бæрнон кусджыты æрвылкъуырион æмбырд. Ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой республикæйы æрвылбоны царды ахсджиаг фарстатæм.





Дзæуджыхъæуы иуæй-иу хæдзæрттæ æмæ Горæтгæрон районы цæрджытæн тыхджын къæвдатæ æмæ их цы стыр зиантæ æрхастой, уыцы бинонтæн æхцайы æххуыс фидын райдыдтой. Ацы нысантæн Цæгат Ирыстоны Финансты министрад радих кодта 31 милуан сомæй фылдæр. Æдæппæтæй Дзæуджыхъæуы тыхджын къæвдатæй хъыгдард баййæфтой, 815 адæймаджы кæм цæры, ахæм 395 хæдзары. Абоны онг уыдонæй æхцайы æххуыс райстой 35 адæймаджы.

Æрдзон фыдбылызы ахсæгæй нæ республикæйы фæндæгты цалцæг æмæ рацарæзты хъуыддагыл нæ Хицауад федералон центрмæ арвыста куырдиат, 75 милуан сомы радих кæны тыххæй. Æрæджы Бетъырбухы цы дунеон экономикон форум ацыд, уым Цæгат Ирыстоны делегацийы куысты кæронбæттæн хатдзæгты фæдыл Сергей Меняйло РЦИ-Аланийы Экономикон рæзты министрадæн бахæс кодта, форумы рæстæг цы æмгуыстады бадзырдтæ фыст æрцыд, уыдон куыд æххæстгонд цæуды-сты, уыцы пълан бацæттæ кæнын.

Профилон министрадæн хæсгонд æрцыд, инвестицион проекттæ æххуысæн ма уæлæмхасæн мадзæлттыл бакусын æмæ сæ радон æмбырдмæ рахæссын.

— Уæрæсейы субъектты инвестицион климæты Националон рейтинджы нæ республикæ ис 13-æм бынаты. Вазыгджын хъуыддаг у дарддæры архайды, инвестицитæ нæхимæ здахыны фарстатæн ахадгæ уавæртæ аразын, — фæнысан кодта нæ республикæйы Сæргълæууæг.

Æмбырды ныхас цыдис мастер-пълан " Аланыстоны хурæнгæс рон"-ы проект æххæст кæныны фарстайыл бы разамонæг та, арæзтадон фæзы æппæт хъуыддæгтæм дæр цæст дардзæн. Уымæй уæлдай ма нæ республикæйы дарддæр æххæстгонд цæуы егъау программæ, скъолаты бындурон цалцæджы фæдыл. РЦИ-Аланийы ахуырады æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй хæстæгдæр рæстæг куырдиæттæ æрвыст æрцæудзæн, 2024-2025 азты 61 скъолайы æмæ 2026 азы 13 куыстуаты бындурон цалцæджы куыстытæ бакæны тыххæй.

— Иунæг скъола дæр хъуамæ рохуаты ма баззайа. Æппæт иумæйаг ахуырадон куыстуæттæ дæр сцалцæг кæнæм, — загъта Сергей Меняйло.

САУТÆТЫ Тамилæ

Барад

Фæткхалджытæй – бæрндзинад

Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН йæ къух кæм æрæвæрдта, ахæм закъонмæ гæсгæ, барадхъахъхъæнджытæм ис æфсæддон уагæвæрды фæтк фехалæг адæймаджы 30 суткæйы дæргъы ахæстоны фæдарыны бар.

Гæххæтт мыхуыргонд у барадон информацийы официалон порталы. Закъон "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 3.9 статьяйы 1 хаймæ ("Административон уагæй ахст") хæссы ивддзинæдтæ: дзырдтæ "сæрмагонд уагæвæрды фæтк"-ы фæстæ мыхуыргонд цæуынц дзырдтæ "æфсæддон уагæвæрды фæтк". Кодексмæ бафтыдтой 20.51 статья ("Æфсæддон уагæвæрды фæткы фехæлд") дæр.

Статьямæ гæсгæ, барадон фæтк амынд уагæй фехалыны тыххæй (уголовон бæрндзинад кæй тыххæй бадомынц, ахæм митæ кæд нæ бачындæуыд, уæд) адæймаджы фæивар кæнæн ис 500-1000 сомæй, науæд æй ахæстоны фæдарæн ис 30 суткæйы дæргъы; хицауы бынат ахсæг адæймаджы та фæивар кæнæн ис 1000-2000 сомæй, науæд æй ахæстоны фæдарæн ис 30 суткæйы дæргъы. Барадон фæтк кæй пайдакæнынадимæ фехæлдтой, уыцы транспортон фæрæз тæлæтгонд æрцæуы.

Æмбарынгæнæн гæххæттыты фыст куыд ис, афтæмæй æххæстгæнæг хицауады федералон органты хицæутты бынæттæ ахсæг адæймæгтæм, регионты æххæстгæнæг хицауады органтæ æмæ æфсæддон уагæвæрды фæткæн фадæттæ аразæг æфсæддон разамынды органтæм уыдзæн æфсæддон уагæвæрды фæтк фехалæг адæймæгты бауромыны бар.

(РИА Новости)

Туризм

Хъусдарды домæнтæ

Райдыдта сæрдыгон фæлладуадзæн афон. Нæ республикæ дзаг у туристтæй. Нæ амалхъомтæ дæр кусынц дысвæлдæхтæй. Нæ хæхтæй райынц бæлццæтты цæстытæ æмæ зæрдæтæ. Республикæ Цæгат Ирыстоны туризмы комитет æмæ Туризмы райрæзты фонд цы куыст бакодтой ацы афонмæ, уыл хъæуы ærдзурын.

Ацы аз сæхи, бæргæ хорз равдыстой Комитет дæр æмæ Фонд дæр, уæдæ гранттæ рамбылдтой, форумты архайдтой, ног логотипы ерыс дæр расидтысты, нæ гидтæн дæр барадон гæххæттытæ радтой, ног уæлдæфон фæндæгтæ байгом кæныныл бакуыстой. Туристтæ дæр се 'ргом Ирыстонмæ тынгдæр раздæхтой, фæлæ алцæуыл дæр ærдзурæм фæдфæдыл.

Зымæджы нæ хæхтæ фæцух сты митæй, фæлæ уæддæр нæ туристты нымæц, фароны азимæ абаргæйæ, уыд фылдæр. Фæстæдæр, зæрдæвæрæны улæфæн бонтæ куы райдыдтой, уæд туристты нымæц зынгæ фæфылдæр. Ирыстоны туроператортæ куыд дзырдтой, афтæмæй сын фысымуæтты бынæттæ нал фаг кодта. Ацы фарста рагæй у актуалон Ирыстонæн, æмæ уый фæдыл, фарон Уæрæсейы Экономикæйы райрæзты министрад байгом кодта ерыс. Уæлахиздзаутæн лæвæрдта гранттæ, цæмæй фысымуæтты нымæц фæфылдæр кæной. Уæд Ирыстонæн рахай кодтой 100 милуан сомы, цæмæй амалхъомтæ скæной модулон фысымуæттæ. Куыст цæуы дыууæ азы æмæ сусæны мæйы кæронмæ арæзт æрцæудзысты. Хъыгагæн, ацы аз ахæм программæйы Цæгат Ирыстон иу сом дæр нæ рамбылдта. Туризмы комитеты та фарст "цæмæн рауад афтæ?"-йæн дзуапп нæма зонынц.

Фæндаггæрон сервисы скондæн дæр, бæргæ, хъæуы радтын бæлвырд райрæзт. Уый фæдыл сусæны мæйы 5-æм бонмæ Комитет æмбырд кæндзæн бадзырдтæ Уæрæсейы Экономикæйы райрæзты министрады конкурсмæ. Амалхъомтæн ис гæнæн, скæнын фæндаггæрон сервисы проекттæ æмæ рамбулын субсидитæ сæ аразынæн.

Фароны гранттæ абоны бон иууылдæр æрцыдысты лæвæрд, модулон фысымуæттæй уæлдай сæ спайда кодтой нымæцон къабазы дæр. Ирыстоны арæзт æрцыд дыууæ мобилон хызы — roktrip.ru æмæ trek. Уыдон æххуыс уыдзысты куыд туристтæн, афтæ бынæттон цæрджытæн дæр. Пайда сты фæндаг, культурон цыртдзæвæнтæ, хæрæндон, фысымуат æмæ æндæр хъæугæ нысантæ амонынæн. Уымæй уæлдай, сæ иу кусдзæн æнæ Интернетмæ рахызтæй дæр.

Иннæ грант рахай кодтой ацы спортæй архайынæн хъæугæ гæрзтæ.

"Аланийы хурджын рон"-ы проект Комитет бацæттæ кодтой Уæрæсейы Экономикæйы райрæзты министрадимæ иумæ, æрæджы уыд йæ презентаци дæр. Ацы проекты фæлгæты райрæздзысты туризмы къабазы уæлдай зындгонддæр æмæ хъæугæдæр мадзæлттæ æмæ бынæттæ — санаритæ, фæндаггæрон сервис, бындурон цалцæг æрцæудзысты кæцыдæр агъуыстытæ, зæгъæм, Фæснæлы фабрикæйæ хъуамæ скæной фæлладуадзæн центр æмæ афтæ дарддæр.





экстремалон улæфæн рæстæджы райрæзтæн. Къæдзæхтыл бырынады архайдмæ Кавказы регионтæ уæлдай лыстæг æркастысты, уый фæдыл нæ республикæйы къæдзæхтыл бырынады федераци балæвæрдта бадзырд æмæ рамбылдта грант. Уый æххуысæй æлхæд æрцыдысты Туристты нымæц фæстаг азтæм зынгæ кæй фæфылдæр, уымæн пайдайаг уыд Комитеты алывæрсыг куыст — форумты архайынц, федералон телеуынынадимæ æмгуыст кæнынц, уæлдай тынгдæр сæ хъус дарынц иннæ регионты туроператортимæ æмгуыстмæ. Уымæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны туризмы къабазы минæвæрттæ архайдтой Дунеон туристон равдыст "МІТТ"-ы; видеобастдзинады фæрцы Комитет базонгæ кодта нæ республикæимæ Хъазан, Оренбург, Ульяновск æмæ Самарæйы туроператорты; арæзт æрцыдысты пресс-туртæ æмæ афтæ дарддæр. Уыимæ ма, гидты аттестаци йæ куыст кæны бæлвырд фæткмæ гæсгæ, аттестаци чи ацыд, уыдоны нымæц ныридæгæн у 40.

Комитеты дæлбар куыстуат — Туризмы райрæзты фонд къаддæр нæ аразы. Ацы аз сæ хъæппæрисæй арæзт æрцыд ерыс республикæйы туристон фæлгонцæн иумæйаг бренд скæныны фæдыл, артобъектты цур æвæрд æрцыдысты информацион уарттæ, туристон фæндæгтыл — уазæгдæттæ, ацыд адæмы æрмгуыстады армукъа "Мозаика", æмæ бирæ æндæр куыст.

Ис ахъуыды кæнæн, æмæ туризмы райрæзтæн нæ республикæйы алцыдæр арæзт цæуы, фæлæ куыд уынæм, афтæмæй уæддæр нæ фаг кæнынц фысымуæтты бынæттæ, гранттæ та цы проекттæ рамбылдтой, уыдон афойнадыл æххæст нæ цæуынц, туризмы райрæзты фæдыл районтимæ басгдзинад та нырма нæ ныффидар. Иннæ бæллæх та — фæндаггæрон сервис, цал азы цæуы тох ацы фарстайы фæдыл, фæлæ та ницы... Сæвæрдтой "био-къахæвæрæнтæ", хохы ахæмтыл йæ тых æвзардзæн дымгæ, уæдæ цы... Æрæджы та Дыгуры комы фесæфт иу туристкæ — комы ныххауд, куыд зæгъынц, афтæмæй ахызт къахæвæрæнмæ...

Ирыстонмæ æртахтысты журналисттæ Хъазанæй, кæй зæгъын æй хъæуы, Ирыстоны культурæ, истори, рæсугъд бынæттæ, хæринæгтæ, æмткæй райсгæйæ, сæ райгуырæн бæстæйы хицæндзинæдтæй æвзæрдæр не сты. Фæлæ мах уым цы "сервис", зæгъгæ, федтам, уыцы æмвæзадмæ схизынæн ма нæ бирæ хъæуы, уæлдайдæр та барадон уагдæтты æвæллад куыст.

Тынг уарзынц туристтæ Ирыстон, фæлæ туризмы къабазы æдзæттæдзинад цæсты хауы. Нæ зæрдæ дарæм, фидæн азы РЦИ-Аланийы туризмы комитет æмæ Туризмы райрæзты фонды куысты фæстиуджытæ уæлдай хорз кæй уыдзысты, уыл.

ГОБОЗТЫ Агуындæ

Фæндагон фæтк

Административон æфхæрд

Паддзахадон автоинспекцийы радгæс къордтæ ивгъуыд къуырийы дæргъы республикæйы фæндæгтыл рабæрæг кодтой 3300 алыхуызон æгъдаухæлдæй фылдæр.



Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ.

Уыимæ, куыд рабæрæг, афтæмæй æгъдаухалджытæй 102 адæймаджы хæдтулгæйы рулыл бабадтысты ноздджынæй (кæнæ та сæхи фæиуварс кодтой се 'нæнидзинады уавæр раиртасынæй). Уыдон уал ныридæгæн административон æфхæрд баййæфтой. Уымæй уæлдай, сæ гæххæттытæ æрвыст æрцæудзысты тæрхондонмæ. Ныр уыдонæн сæ шофыры бартæ байсдзысты 2 азы онг æмгъуыдмæ, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, бафидзысты 30 мин сомы бæрц ивар дæр.

Фæндагон фæтк фехалæг иннæ адæм дæр (йе 'гъдаухæлды карздзинадмæ гæсгæ) административон æфхæрд баййафдзысты.

Паддзахадон автоинспекцийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ивгъуыд къуырийы дæргъы, æмткæй райсгæйæ, республикæйы регистрацигонд æрцыд 21 фæндагонтранспортон фыдбылызы. Уыдоны рæстæг, хъыгагæн, фæмард сты 2 адæймаджы, 21 та хъыгдард баййæфтой.

Нæ уацхæссæг

Курскыл хæст

Судзгæ къæлæт

Уæд ма МАГКÆТЫ Валодя æвзонг лæппу уыдис. Иу аз сæрды каникулты рæстæг æй йæ фыд Цымырзæ ахуыдта Алагиры хъæды хæдзарадмæ. Ам уый куыста хъæдласæн трактораил æмæ Валодя дæр, хистæркъласон уæвгæйæ, иуахæмы афæлвæрдта уæззаурæхысджын трактор скъæрыныл. Уæдæй фæстæмæ æвзонг лæппу бауарзта техникæ. Фæндыдис æй йæ фыды дæсныйад райсын æмæ бæстæйы адæмон хæдзарадмæ йæ фæллойы хай хæссын.

Хъыгагæн, фæстæдæр Фыдыбæстæйы Стыр хæст райдыдта. Æмæ Магкæйы-фырт ныр та йæхицæн хæсыл банымадта Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджыты фарсмæ ærлæууын. Цыфыддæр знагæн ныхкъуырд радтын. Фæлæ афтæ уыд, æмæ йæ астæ нæ амыдтой, цæмæй йæ хæстмæ акодтаиккой. Уæддæр Валодя йе 'мбæлттимæ, Алагиры дыккæгæм астæуккаг скъолайы рауагъдонтимæфæскомцæдисонтимæ æрвылбон цыдысты районы æфсæддон комиссарадмæ, цæмæй сæ арвыстаиккой хæцæг æфсады рæнхъытæм. Фæлæ разамонæг органтæ фæсивæды алы ран дæр архайдтой бахъахъхъæныныл, æрвыстой сæ æрмæстдæр æфсæддон хъуыддагыл ахуыр кæнынмæ.

Афтæ, алагираг лæппу Магкæты Цымырзæйы фырт Валодя 1941 азы ссис Куйбышевы облæсты горæт Сызраны танкон училищæйы курсант. Ахуыр кодта танкон взводы командирыл. Дарддæр та афтæ рауад æмæ афæдзы æрдæджы фæстæ ССР-ы Цæдисы хъахъхъæнынады наркомæй бардзырд æрцыд механикты дыууæ ротæйы тагъддæр бацæттæ кæныны тыххæй, хæцæг æфсæдты уыдон æхсызгон кæй хъуыдысты, уымæ гæсгæ. Фæскомцæдисон Магкæйы-фырт дæр æндон машинæты техникты-механикты цæттæгæнæн тагъдгонд курс цæуын райдыдта. 1943 азы июлы райдайæны техник-лейтенант Магкæты Валодя кæм службæ кодта, уыцы хæддзæвгæ сармадзаны дæлхайад æфсæддон эшелоны æппæрст æрцыд Белгороды облæсты станцæ Прохоровкæмæ. Йе 'мслужбæгæнджытæй уæд цымæ исчи æнхъæл уыд, æмæ 10 боны фæстæ ам кæй рапарахат уыдзысты хæстон историйы уæды онг æппæты стырдæр танкон хæстыты драматикон цаутæ.

Афтæ уыд, æмæ 1943 азы 12 июлы, немыцаг-фашистон цыппæрæм танкон æфсад, инæлар Гот ын командæ кодта, афтæмæй афæлвæрдта не 'фсæдтæн ныхкъуырд радтыныл Прохоровкæмæ æввахс. Йæ ныхмæ абырста инæлар Ротмистровы 5-æм гвардион танкон æфсад.

Хæддзæвгæ сармадзантæн дæр танктæ Т-34 хуызæн чысыл нысаниуæг нæ уыд гитлеронты ныббырстытæн аккаг ныхкъуырд радтыны. Магкæйы-фырт-иу æдзухдæр кæстæртæн дзырдта, зæгъгæ, фашисттæ сæ размæбырсты тактикæйы ног æрхъуыдыдзинадæй ницы уыдис.

"Гитлеронтæ уылæнтæ-уылæнтæй бырстой нæ хæцæн бынатмæ. Æппæты разæй цыдысты дæсгай уæззау танктæ æмæ хæддзæвгæ сармадзантæ "Фердинанд"-тæ кæм уыдысты, ахæм къордтæ, сæ фæстæ та размæ



æфсæрстой сæдæгай танктæ æмæ знаджы фистæгдзæуджытæ. Нæ размæ ахæм хæс уыд, цæмæй немыцы бронетехникæйы фыццаг рæнхъытæ судзæм термитон нæмгуытæй. Мах дæр не 'мбæхсæн-хъахъхъæнæн бынæттæй æнæрынцойæ æхстам æмæиу знаджы танкты куы акъуырдтам, уæд æмхуызонæй хъæлдзæгæй хъæр кодтам "Ура-а-а" Фæлæ-иу размæбырсæг гитлеронты бронетехникæ алы хатт дæр куы нылласуыд, уæд-иу сæ фæздæг кæмæн калд, уыцы "Тигр"-ты, "Фердинанд"-ты мæсгуыты сæрты схъисджын гилдзытæй æхсын райдыдтам немыцаг-фашистон удæгас тыхты ныддæрæн кæныны тыххæй.

Дарддæр та афтæ уыд, æмæ-иу уыцы рæстæг ралæууыд нæ цырд æртынцыппæрæймæгты рад. Уыдон-иу нæ ныхмæлæууæджы чи ныппырх æмæ сæ фæздæг кæмæн калд, уыцы уæззау танкты æмæ хæддзæвгæ сармадзанты æхсæнты сæхи ныццавтой немыцаг "Пантерæ"-ты рæнхъытыл, æмæ-иу бацайдагъ ныхæй-ныхмæ мæлæтдзаг тох", — дзырдта хæсты ветеран.

Бæлвырд куыд у, афтæмæй Прохоровкæйы бынмæ цы хæст бацайдагъ, уым уыцы-иу рæстæг дыууæрдыгæй архайдтой 1200 танчы æмæ хæддзæвгæ хæцæнгæрзты онг. Фашисттæ иу боны карз тохы дæрæнтæ æмæ пырхытæй хæсты быдыры ныууагътой 400 танчы бæрц, æмæ немыцæгтæн Сталинграды тыххæй сæ маст сисынæй куы ницы рауад, уæд нæ бæстæйы арфмæ бырсын сæ ныфс нал бахастой. Уымæ гæсгæ, уыцы бонæй, 12 июлæй фæстæмæ райдыдта Курскы хæсты дыккаг къæпхæн-советон æфсæдты немыцы ныхмæ размæбырст.

1943 азы уыдон ссæрибар кодтой горæттæ Орел æмæ Белгород. Ацы стыр æнтыстдзинады тыххæй дыууæ азы хæсты фæстæ фыццаг хатт Мæскуыйы лæвæрд æрцыд уæлахизы æмæхст. Уæдæй фæстæмæ сармадзанты æмæхстытæй иудадзыг хъуыстгонд цыдысты советон хæцæнгарзы уæлахизтæ. Фæстæдæр 23 августы уæгъдгонд æрцыд Харьков. Афтæ, уæлахизæй ахицæн Курскы хæсты судзгæ къæлæт. Цыбыр æмгъуыдмæ пырхгонд æрцыдысты немыцаг-фашистон æфсæдты 30 æвзаргæ дивизийы æмæ ацы стыр уæлахизмæ аккаг æвæрæн бахаста алагираг æвзонг хæстон Магкæты Валодя дæр.

Афтæ райдыдта лейтенант Магкæйы-фырт кæм службæ кодта, уыцы хæддзæвгæты ротæйы кады хæстон фæндаг. Фыццаггæм Украинаг фронты æндæр æфсæддон дæлхайæдты хæстонтимæ уый цыдис æрмæстдæр ныгуылæнмæ. 1944 азы январы райдыдта советон æфсæдты стыр размæбырсты операци æрхъулайæ нарæг "къæлидорыл" рацæуыныл чи архайдта, знаджы уыцы къорд ныддæрæн кæныны тыххæй. Уый рахуындæуыд Корсунь-Шевченкойаг операци. Бронетехникæйы дæлхайады размæ ахæм хæс æвæрд æрцыд, цæмæй æрхъулайы цæг æхгæд æрцæуа æмæ знаг йæ мæлæт ссара.

(Кæрон 4 фарсыл)

Арæзтад

Фаронæй фылдæр

Нæ республикæйы цæрæнуæтты бæрц канд хицæн адæймæгты архайды фæрцы нæ фылдæр кæны — уыцы ахсджиаг куыст рæвдз цæуы бирæфатерон бæстыхæйттыарæзтады дæр. Ацы азы фондз мæймæ нæ республикæйы сцæттæ сты ног цæрæнуæтты 261 мин квадратон метры, фаронимæ абаргæйæ, уый у дзæвгар фылдæр бæрæггæ-



нæн. 2022 азы фондз мæймæ уыцы нымæц хæццæ кодта 153 мин квадратон метрмæ.

Æмткæй райсгæйæ та Цæгат Ирыстоны æрвылаз дæр сцæттæ вæййы, рæстæмбис нымадæй, цæрæнуæтты 325 мин квадратон метры.

Янæ ВОЙТОВА

Фыдракæнд

Зылынгæнæг хатдзæг

Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы прокуратурæ бынæттон 34-аздзыд нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.

Ацы адæймаджы зылын кæнынц Уголовон кодексы 112 статьяйы 1 хайы ("Барæй адæймаджы фæсахъат кæнын") æмæ 228.1 статьяйы 4 хайы пункт "г"-йы ("Информационтелекоммуникацион хызæгæй пайда кæнгæйæ, къорд адæймаджы стыр бæрцæй наркотикон фæрæзтæ æнæзакъонæй ауæй кæнынмæ бахъавыдысты") амынд фыдракæндтæ саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй ахъосджын кæнынц, фарон майы уыцы адæймаг йæ зонгæ нæлгоймаджы, фыднад æй фæкæнгæйæ, фæсахъат кодта. Уымæй уæлдай, наркотиктæ æнæзакъонæй чи хæлиу кодта, ахæм фыдгæнджыты къордмæ хаугæйæ, нæлгоймаг гаражон-арæзтадон кооператив "Уалдзæджы" фæзуатыл сарæзта метадоны сусæг æвæрæн, стæй йæхимæ ауæй кæнынмæ дардта наркотикы 49 тыхтоны, фæлæ барадхъахъхъæнджытæ кæй баурæдтой, уыцы закъонхалæг адæймагæн йæ фыдвæндтæ баххæст кæнын нæ бантыст. Тæлæтгонд наркотикы иумæйаг уæз рауад 15 граммæй фылдæр.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

2023 — Нартиадæйы аз

Стыр бавæрæн дунеон зонадон литературæмæ



"Ирон Нартиадæйы энциклопеди" мыхуыры рухс æххæстæй федта, РЦИ-Аланийы Культурæйы министрад Ирон Нартиадæйы 2023 аз куы расидт, уæд. Уыцы хъæппæрисы фарс рахæцыд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Æмæ культурон-историон бынтæ, адæмон сфæлдыстад, этнокультурон бирæвæрсыгад, Цæгат Ирыстоны национ хæдхуызад бахъахъхъæныны тыххæй Указ бафыста.

Ацы рауагъд бацæттæ кодта æмæ йæ рауагъта Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты наукон институт, разамынд ын лæвæрдта зындгонд ахуыргонд, историон наукæты доктор, профессор **Цыбырты Людвиг**. Национ эпикон бынтæ хуыздæр базонынæн ацы энциклопедийы ахадындзинад у бæрзонд. Ахуыргонды хъуыдытæ ирон зонынады фæбæрæг сты, ирон **"Нартиадæ"**-йы рауагъдмæ бар дары æппæт институт дæр, уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг наукон центрты ахуыргæндтæ.

Ацы рауагъд у фольклорон, этнологикон, лингвистон, историон, археологон, бындуртæ амонының æрмæджытæ æрбаиу кæныны фыццаг фæлтæрддзинад, ирон Нарты кадджытæ наукон æгъдауæй бамбарыны, æппæт академион фæллæйттæй спайда кæныны дæнцæг. **"Ирон Нартиадæйы энциклопеди"**-мæ бахастой дæсныйæдты 'хсæн бæрзонд наукон иртæстытæ. Ирон Нарты кадджыты культурон код бамбарыны уый ног ныхасы хуызæн хъуысы.

Цыбырты Людвиг æрмæст энциклопеди рауадзыны хъæппæрис нæ равдыста, у дзырдуатон æрмæджыты автор, сæйраг редактор, бильдредактор, уыцы-иу рæстæг куыста нывгæнæгимæ, дизайнеримæ, корректоримæ, ахæм æвæджиауы проект рауадзыны æппæт хъуыддæгтæ кодта. Редакцион коллеги дæр стыр куыст бакодта, уырдæм æрæмбырд кодтой номдзыд ахуыргæндты, Нарты кадджытæ иртасджыты.

Хъаныхъуаты Зæлинæ, Хъуысаты Зæлинæ, Хуыгаты Ирлан, Константин Рахно, Дарчиты Мæдинæ, Гостиаты Ларисæ, Дзицойты Юри, Платы Зæлинæ, Хадыхъаты Алинæ, Харебаты Батрадз, Цорæты Зауыр сæхæдæг сты энциклопедион æрмæджыты автортæ. Алы томæн дæр хицæнæй адæймаг дзуапп лæвæрдта, зæгъæм, 1-аг томæн — Дарчиты Мæдинæ, 2-аг томæн — Платы Зæлинæ, 3-аг томæн — Хъуыссæты Зæлинæ. "Нартиадæ" ирон адæмы удварны бынтыл нымайгæ у, рагон фольклорон цыртдзæвæныл, дунейы эпикон бынтæ зынгæ чи фæхъæздыгдæр кодта, ахæм. Наукон скъолатæ, гуманитарон дисциплинæтæ алы рæтты чи æвдисы, уыцы ахуыргæндтæ йæм се 'ргом тынг здахынц.

Базоныны нысанимæ ирон "Нарты кадджыты" хицæн æрмæджытæ хаст æрцыдысты алыхуызон зындгонд энциклопедитæм. Зæгъæм, "Дунейы адæмты таурæгътæ", "Адæмтæ æмæ дунейы динтæ", "Дунейы адæмты таурæгътæ æмæ динтæ", фæлæ уæддæр иртасджытæ æмæ уæрæх кæсджыты хъуыдыты уæлдай æххæст æмæ хицæн хабæрттæ. Сæрмагонд рауагъд сын бахъуыд.

Энциклопедийыл кусгæйæ, цалдæр теоретикон фарстайыл бацархайдтой, зæгъæм, ирон "Нарты кадджытæ"-йы ныронг пайда кодтой наукон æмæ популярон литературæйы, фæлæ йын йæ жанры æмæ хъуыдыйы ахадындзинад не 'вдыстой. Ирон фольклор иртасыны историйæ куы райдайæм, уæд эпикон текстгæнæн алыхуызон сæргæндтæ кодтой. Уымæ гæсгæ ацы рауагъдыл кусгæйæ, равзæрстой "Нарты кадджытæ" комкоммæ æмбарынгæнæн вариант.

Редколлеги куыд бацамыдта, афтæмæй хъуамæ наукон зилдухмæ бахæсгæ термин "кадæг", уый æвдисы ирон эпосы дисса-джы жанрæ. Йæ заманы



дзы пайда кодтой Абайты Васо, Гуыриаты Тамерлан æмæ иннæ нырыккон ахуыргæндтæ. Фæлæ, уæддæр, сæ фылдæр архайдтой термин "таурæгъ"-æй, уый та ирон æвзаджы хъæздыгдзинад æххæстæй не 'вдыста. Ныр фольклор æмæ литературæ амонджытæ ацы категори бæрæг кæнынц фидарæй. Бабæттæн æй ис æрмæстдæр "Нартиадæ"-имæ.

Ирон **"Нарты кадджытæ"**-йы тексттæ хъуамæ бахъахъхъæноы "кадæг"-ы сæргонд, дунеон наукæйы национ фольклорон æмæ динты жанртæ куыд хъуысынц, афтæ. Ома, зæгъæм, скандинаваг сагæтæ, индиаг Ведæтæ, Заратустрæйы Гатæтæ, персайнаг дастантæ, уырыссаг кадджытæ æмæ æндæртæ. Редколлегийы размæ ма лæууыд, таурæгъты хъуыдыкæныдты, дины-таурæгъты, ирæтты фольклоры алыхуызон жанрты цы æмбарынадтыл æмбæлæм, уыдон радих кæнын. Гуманитарон наукæйы рæзтимæ, комкоммæ — нартамоныны ахадгæ нысан ис ирон концептокъабазы æмбарынадæн. Цавæрдæр æвзагмæ сæ фæхæстæг кæнын сын сæ семантикон хицæндзинæдтæ сзыгъуыммæ кæны.

Зæгъæм, рагон персайнаг дуне — Фарны æмбарынады бирæ синонимтæ термины культурон код не 'вдисынц. Ирон фольклорон-этнографион традицийы бæрæг дарынц ирæтты удварны сконды хицæндзинæдтæ. Ахæм æмбарынадтæ, куыд кадæг, æгъдау, куывд, уацамонгæ, ныхас, фæндыр, цыкура æмæ æндæртæ сæмæ хæссынц национ-культурон нысаниуæг, æндæр æвзагмæ сæ хæссынц механикон æгъдауæй. Æппæт уыдæттæ энциклопедийыл кусгæйæ, хаст æрцыдысты наукон зилдухмæ.

Абон **"Нартиадæ"**-йы тыххæй иртасæн литературæ хъæздыггонд цæуы нырыккон ахуыргæндты мыхуыргонд æрмæджытæй. Национ нартамоныны хъуыддаг æхсæнады домæнæн дзуапп дæтгæйæ, бахæццæ йæ фæлтæрддзинад æрбаиу кæнынмæ, егъау академион фæллой бацæттæ кæнынмæ. Ацы рауагъд рахызт адæмон-эпикон бынты арæнтæй, йе сконды сты наукон зонындзинæдты ахсджиаг къабæзтæ. Зæгъæм, абарæн-историон, таурæгъы, этнологион, лингвистон æмæ æндæр иртасæнты хатдзæгтæ.

Рауагъды ахадындзинад стыр у, ныртæккæ тынг сбирæ сты мæнг наукон æрмæджытæ, уыдон зыгъуыммæ кæнынц скифаг-алайнаг эпосы фыццаградон апп. Афтæмæй сыхаг адæмтæм фæзындысты хи национ **"Нартиадæ"**-тæ. Цыбырты Людвиг у дзырдуæтты æрмæджыты сæйраг автортæй иу. Йæ ахст бынат нæ хицæн кæны фольклористты цалдæр фæлтæры наукон ахст бынатæй, зæгъæм, нартамоныны бындурæвæрджытæ Миллер, Дюмезиль, Абайы-фырты иртæстытæм ныра фауынмæ ничи бавнæлдтой.

Ацы ахуыргæндты сæйраг хъуыдыты фæстæ цæугæйæ, Цыбыры-фырт уæзданæй зыгъуыммæдзинæдтæ æмбарын кæны, кавказаг субстраты фарс-хæцджытæн кавказаг "Нартиадæ"-йы индоевропæйаг фæзынд амоны. Ахуыргæндты размæ лæууыд фарстатæн сæ сæйрагдæр уыд, **"Нартиадæ"**-йы этникон алфамбылай сбæрæг кæнын. Уымæ стыр æргом здæхтой фыдыбæстаг æмæ фæсарæйнаг иртасджытæ. Сæ хатдзæгтæ нымадтой æнæсынкъуысгæ, фæлæ сæ нырыккон кавказиртасыны æндæрхуызон æвдисынмæ бавнæлдтой.


Энциклопедийы бæлвырдæй æрхастой "Нарты кадджытæ"-йы алыхуызон верситæ иртасыны историографи. Нартамоныны æппæт фæлтæрддзинад нымайгæйæ, цымыдис мæнг наукон фæлварæнтæ хынцгæйæ, автортæ бындур æвæрынц наукон анализæн æмæ æцæг историзмæн.


Всеволод Миллер пайда кодта ретроспективон мадзалæй, критикон анализæй, уыдæттæн кад кæнгæйæ, рауагъды сæйраг редактор, профессор Цыбырты Людвиг адарддæр кодта, рапарахат кодта кæрæдзи фарсмæ цæуæг архетипикон мотивтæ, ирон **"Нартиадæ"**-йы символтæ æмæ скифаг культурæ европæйаг, ирайнаг æмæ индоирайнаг рагондзинæдтæ абарста. Уыцыиу рæстæг ахуыргонд фыссы, ирон "Нартиадæ"-йы таурæгъон гуырæнтыл, йæ рагон бындуртыл, скифаг-сæрмæттаг историйы арфмæ чи цæуы, уыдоныл. Цыбыры-фырт хæст у индоевропæйаг адæмты æртæ фадатджын теорийыл, уый сфидар нартамоныны, Европæйы адæмты таурæгъты æмæ эпикон уацмысты хæссы æмхуызондзинæдтæ.


Нырыккон ирæттæ персайнаг æвзæгтыл дзурæг этникон къордтæй кæй сты, уымæн æвдисæн у **"Нарты кадджыты"** сюжеттæ æмæ сурæтты системæ. Энциклопедийы спайда кодтой ирæтты фольклор æмæ этнографион æрмæджытæй. Ареалон бастдзинæдтæй кæй спайда кодтой, уымæй нæ ахуыргæндты фæллæйттæ банымайæн ис диссагыл, фыццаг хатт парахатæй æркастысты ирæтты кадджытæм æмæ сæ абарстой дунейы адæмты таурæгъон бынтимæ. Нæртон хъæбатырты хуызæтты агуырдтой евразиаг адæмты эпикон уацмысты, нартамоныны классиктæ иу хатт ма сæ хъуыды сфидар кодтой: "Нартиадæ"-йы фыццаградон апп фæзынд скифаг-алайнаг этникон алфамбылай.

Абайты Васойы куыст "Нæртон эпос"-ы ареалон бастдзинæдты тыххæй уагæвæрдыл дарддæр кусгæйæ, Цыбырты Людвиг кæрæдзи фарсмæ æрæвæрдта Нæртон эпосы æмæ евразаиаг адæмты эпикон уацмысты хъæбатырты. Йæ къухы бафтыд къарол Артуры æмæ Нарты Батрадзы мæлæты тыхæй, уæларвон цирхъы бынат сæ хъысмæтты æмæ æндæр æмхуызондзинæдтæ ссарын. Цыбыры-фырт куыд бацамыдта, афтæмæй ахæм æмхуызондзинæдтæ сты иумæйаг индоевропæйаг фæзынды кæнæ сæ кæрæдзийæ райсыны цаутæ. Кæддæр, рагон заманы дыууæтæ дæр кæрæдзиуыл æмбæлдысты.

Автор куыд амоны, афтæмæй Кавказы æппæт адæмтæй нæ дуджы размæ фыццаг минонæй нæ дуджы фыццаг миноны кæронмæ скифтæ-сæрмæттæ-алантæ тынг бирæ адæмимæ бастдзинæдтæ дардтой, уыдон уыдысты







эпос хæсджытæ, уæд бындур æвæрд цыдис **"Нартиадæ"**-йæн. Уæд сæрмæттæ-алантæ цардысты Кавказы цур Центрон хайы æмæ сын кавказаг аборигентимæ бастдзинæдтæ нæ уыд.

Фольклорон иртасæнты хатдзæгтæ куыд равдыстой, афтæмæй автортæн сæ къухы бафтыд географион арæнтæ рапарахат кæнын æмæ йын йæ хронологон фæлгæттæ фæарфдæр кæнын. Иртасæнтæм гæсгæ, Нарты кадджытæ фидар кæнын райдыдтой нæ дуджы размæ дыккаг миназоны æмбисы. Ахуыргонд бæстон раиртæста Кавказы адæмты культурон æмныхас дæр. Энциклопедион æрмæджыты æрхастой Нæртон эпосы национ хуызты æмхуызондзинæдтæ дæр.

Бæрзонд наукон иртасæнтæ æвæрд æрцыдысты **"Ирон Нартиадæйы энциклопеди"**-йы, хъуысынц куыд ног ныхас нартиадæйы нырыккон рæзты къæпхæны. Ирæтты эпикон бынтæн сæ ахадындзинад бæрзонд у, дунеон аивадон культурæйы хæзнатæм ирон адæмы бавæрæн у егъау æмæ хъæугæ.

ХЪУЫССÆТЫ Зæлинæ,
РЦИ-Аланийы
культурæйы министры
хæдивæг, филологон
наукæты кандидат

Цин æмæ кады хъуыддаг

Стыр диссаджы чиныг федта ацы бонты дунейы рухс. Кæд ын иу сæргонд ис, уæддæр æртæ хайæ арæзт у, бæлвырддæр зæгъгæйæ та — æртæ стыр томæй — æмæ хуыйны "Ирон Нартиадæйы энциклопеди". Дунейы адæмтæ мингæйттæй нымайгæ сты, фæлæ дзы эпостæ иуæй-иутæ йеддæмæ никæмæ ис. Уыцы иуæй-иуты 'хсæн тæккæ кадджындæрты номхыгъды сты æппæт дунейы хъуыстгонд ирон адæмы "Нарты кадджытæ". Сæ рæстæджы хъусджыты зæрдæмæ афтæ бахъардтой, æмæ, нæ фыдæлты фарсмæ чи цард, уыдоны 'хсæн дæр, ивддзинæдтæ сæм бахæсгæйæ, фæзындысты.

Бирæ æнустæ рацыд, нæртон адæмы царды хабæрттæ иу фæлтæр иннæмæ дзыхæй-дзыхмæ куы лæвæрдта, уæддæй нырмæ æмæ æрхæццæ сты мах рæстæгмæ. Уыдон æрæмбырд æмæ бабæстон кæнын уыди ахсджиаг æмæ бæрнон хъуыддаг, æмæ йыл удуæлдай фыдæбон бакодтой нæ хуыздæр ахуыргæндтæ æмæ фысджытæ. Иу æмæ дыууæ хатты нæ федтой рухс Нарты кадджытæ. Тæлмацгонд æрцыдысты æмæ ма абон дæр цæуынц уырыссаг, англисаг, французаг æмæ дунейы æндæр æвзæгтæм. Бирæ ахуыргæндтæ загътой сæ хъуыдытæ нæ кадджыты тыххæй, бирæ чингуытæ сыл фыст æрцыди, фæлæ, уæлдæр, цы энциклопедийы кой скодтон, ахæм дзы нæма уыди, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд нæ фæрæдидзынæн.

Æз хорз æвдисæн дæн, ацы иумæйаг фæллой куыд рæзти, уымæн. Йæ сæргъы æрлæууыд нæ цытджын ахуыргонд, историон наукæты доктор, профессор Цыбырты Людвиг. Уый иумæйаг æвзаг ссардта Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор Хъаныхъуаты Зæлинæ æмæ йæ курдиатджын æмкусдзытимæ æмæ зиууæттау, бавнæлдтой, нæ адæмы æхсызгон чи хъæуы, йæ ахадындзинад бирæ фæлтæртыл кæмæн аххæсдзæн æмæ сæ зонындзинæдтæ фылдæр кæмæн кæндзæн, ахæм бирætомон чиныг фыссынмæ.

Людвиг канд разамонæг нæ уыди, фæлæ уыди сæйраг архайджытæн сæ тæккæ раззагдæр. Ныффыста бирæ стыр æмæ, гыццыл уæвгæйæ, йæ ахадындзинад стыр кæмæн у, ахæм статьятæ æмæ уацхъуыдтæ. Рагагъоммæ арæзт пъланмæ гæсгæ кусынмæ бавнæлдтой Ирыстоны хуыздæр ахуыргæндтæ, æппæт дунейы дæр хъуыстгонд нартиртасджытæ. Уыцы азæлд бамынæг кæныныл бирæ ирон æмæ уырыссаг ахуыргæндтæ рагæй кусынц. Уымæй фæсарæйнаг ахуыргæндтæ дæр. Стыр къуырцдзæвæн та йын фæци **1946 азы "Нарты кадджыты"** чиныджы джиппы рацыд. Уым бинонытæй хицæн циклтыл лæвæрд æрцыдысты кадджытæ. Уæдæй абонмæ ацы чиныг мыхуыры рацыд иронау æмæ уырыссагау цалдæргай хæттыты. Уæлдай æхсызгондæр та уыд Нарты кадджыты хицæн вариантты рауагъд авд томæй.

Æмæ та нæ ахуыргæндтæн бантыст ноджы дæр ма иу ахæм куыст бакæнын. Историон наукæты доктор, профессор Цыбырты Людвиг сæ сæргъы, афтæмæй бацæттæ кодтой æмæ æртæ егъау томæй джиппы рауагътой "Ирон Нартиадæйы энциклопеди". Уым æрфыстой, райхæлдтой "Нарты кадджыты" æппæт фарстатæ. Сæ мидис, сæ нысан, сæ ахадындзинад, се 'взаг, сæ радзурджытæ æмæ сыл наукон æгъдауæй бакусæг ахуыргæндты тыххæй дзы цыфæнды фарст дæм куы сæвзæра, уæддæр ын дзуапп ссардзынæ. Хуымæтæджы дзуапп нæ, фæлæ алцæмæй дæр æххæст, бæлвырд.

Арфæйы аккаг сты, нæ фыдæлты хæзнатæ мæлын чи нæ бауагъта æмæ сæ дзыхæй-дзыхмæ дæтгæйæ, махмæ чи 'рхæццæ кодта, уыцы курдиатджын таурæгъгæнджытæ. Уыдон иугæйттæ æмæ дæсгæйттæй бирæ фылдæр уыдысты æмæ дзы къухы кæй ном æрымысын бафтыд, уыдонæй, мæнмæ гæсгæ, рохуаты ничи баззад. Энциклопеди араздзытæ æрымысыдысты, таурæгъгæнджыты рох кæнын чи нæ бауагъта, уыдоны нæмттæ дæр.

Раппæлинаг у чингуыты фæлгонц. Николай Василенкойы фæллæйттæ хорз зындгонд сты чиныгуарзджытæн. Йæхиуыл нæ бацауæрста ацы æртæ чиныг фæзынд энциклопедийы фæлгонцыл. Æрæджыйы онг, ома, дыууынæм æнусы дыккаг æмбисы райдайæнмæ, Нарты кадджытыл чи куыста, уыдон цалдæр йеддæмæ нæ уыдысты, сæ нæмттæ дæр сын зæгъдзыстæм: Тугъанты Махарбег, Хохты Аслæнджери æмæ Дзанайты Азанбег. Фæстæдæр уыдоны нымæц дыууиссæдзæй фæфылдæр æмæ се сфæлдыстадæн уæрæх æмæ аккаг бынат лæвæрд æрцыд энциклопедийы. Уыдоны 'хсæн бæрæг дары Цæгат Ирыстон-Аланийы адæмон нывгæнæг, зындгонд металлург, бирæ азты завод "Электроцинчы" разамонæг Ходы Никъала. Йæ куыстытæ — Уастырджийы цыртдзæвæн — Уæлладжыры комы, Хетæгкаты Къостайы — Нары, Лермонтовы — Кисловодскы, Грознайы æмæ Дзæуджыхъæуы æмæ бирæ æндæртæ зындгонд сты адæмæн. Ходы-фырты курдиат уæлдай тынгдæр рабæрæг, Нарты кадджыты сæйрагдæр архайджытæй 18 цы цæсты ахадгæ фæлгонцтæ сарæзта, уыдон.

Куыд загътам, афтæмæй, Нарты кадджытæ хъисфæндыры цагъдмæ чи зарыд, чиныджы кæсæгау сæ æнæкъуызгæйæ чи дзырдта, уыдон бирæ уыдысты, фæлæ сæ ныры хуызæн бæлвырдæй иумæ, мæнмæ гæсгæ, нæма федтам. Номæй-номмæ кæй ранымадтой, уыдон цыппарфондзыссæдзмæ 'ввахс сты. Уыцы нымæц хуымæтæджы нымæц нæу, фæлæ хорз æвдисæн у, нæ фыдæлты стыр хæзна адæмы зæрдæйы куыд арф ахъардта æмæ дзы цы кадджын бынат æрцахста, уымæн.

Цыппарфондзыссæдз кадæггæнæджы! Кæуылты стыр нымæц у, уый! Ныртæккæйы чингуытæн сæ фылдæры тиражæй уæлдæр. Æмæ дзы алы кадæггæнæгмæ дæр цал адæймаджы æмæ цал фæлтæры хъуыста, уый та!

Бирæ дзурæн ис ацы энциклопедийы тыххæй, фæлæ ма мæ кæронбæттæны зæгъын фæнды, чингуытæ дунейы рухс феныныл чи бацархайдта, уыдоны кой скæнын. Уыдон та сты хъæздыг адæм. Хуымæтæджы хъæздыг нæ — æппæты фыццаг удæй хъæздыг чи у, ахæм адæм. Се 'ппæты цæрæнбон дæр бирæ уæд!

ДЗАСОХТЫ Музафер

Ахсджиаг æмæ ахадгæ наукон куыст

Махæн, ирон адæмæн, даргъ æмæ уæрæх истори ис. Уый зæгъынц æмæ сæ наукон куыстыты фыссынц æрмæст ирон ахуыргæндтæ нæ, фæлæ немыцаг, францаг, испайнаг æмæ æндæр бæстæты, уæлдайдæр та уæрæсейаг ахуыргæндтæ. Уый ирдæй зыны нæ адæмон сфæлдыстады. Нарты кадджыты та бæлвырд-бæрæгæй æвдыст цæуы, нæ таурæгъон фыдæлтæ уæларвон тыхтимæ дæр кæй æмбæлдысты, уый.

О, фæлæ нæ сыхаг адæмтæй чидæртæ дау кæнынц Нарты кадджытыл, мах сты, зæгъгæ. Уый та уымæн æмæ историон цæлхъыты не стыр паддзахад Тимуры фыдгæндæй куы бабын æмæ нæ фыдæлтæ хæхты цъассытæм сæхи куы байстой, уæд дзы быдырты иннæ адæмтимæ цæргæйæ къордтæ-къордтæ баззад. Æмæ уыдон кæд семæ цæргæйæ, сæ алайнаг æвзаг ферох кодтой, уæддæр сæ Нарты кадджытæ нæ ферох сты æмæ дзы цыдæртæ се 'хсæн ахæлиу кодтой. Азæлды хуызы. Æмæ сæ уыцы хуызы сæхи хонынц.

Уыцы азæлд бамынæг кæныныл бирæ ирон æмæ уырыссаг ахуыргæндтæ рагæй кусынц. Уымæй фæсарæйнаг ахуыргæндтæ дæр. Стыр къуырцдзæвæн та йын фæци **1946 азы "Нарты кадджыты"** чиныджы джиппы рацыд. Уым бинонытæй хицæн циклтыл лæвæрд æрцыдысты кадджытæ. Уæдæй абонмæ ацы чиныг мыхуыры рацыд иронау æмæ уырыссагау цалдæргай хæттыты. Уæлдай æхсызгондæр та уыд Нарты кадджыты хицæн вариантты рауагъд авд томæй.

Æмæ та нæ ахуыргæндтæн бантыст ноджы дæр ма иу ахæм куыст бакæнын. Историон наукæты доктор, профессор Цыбырты Людвиг сæ сæргъы, афтæмæй бацæттæ кодтой æмæ æртæ егъау томæй джиппы рауагътой "Ирон Нартиадæйы энциклопеди". Уым æрфыстой, райхæлдтой "Нарты кадджыты" æппæт фарстатæ. Сæ мидис, сæ нысан, сæ ахадындзинад, се 'взаг, сæ радзурджытæ æмæ сыл наукон æгъдауæй бакусæг ахуыргæндты тыххæй дзы ис цымыдисаг æрмæджытæ. Уый Цыбырты Людвиджы хъæппæрисы æмæ бинонытæ куысты фæрцы.

Ирон адæммæ бирæ ахуыргæндтæ ис: наукæты доктортæ, кандидаттæ, фæрнæй кусæнт сæ бынæтты. Фæлæ дзы Цыбырты Людвиджы хуызæн иудадзыг хъазуатон куыст стæмтæ кодта æмæ кæны. Йæ наукон куыст йæ райдайæнæй абонмæ у ирон адæмæн куыд хуыздæр балæггад кæнынмæ арæзт. Йæ алы чиныджы рацыд дæр нын æхсызгондзинад уымæн æрхæссы. Уæлдай тынгдæр бацин кодтам йæ чиныг "Ирон этнографион энциклопеди"-йыл. Уæд ыл бинонытæ нымыхас рауад Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты æмбырдтæгæнæн залы. Уырдæм уазджытæ-ахуыргæндтæ хуынд æрцыд сыхаг республикæтæй дæр. Ахуыргæндтæ, чиныгкæсджытæ сæ хъуыдытæ загътой энциклопедийы тыххæй, æнтыстыл æй банымадтой. Кæронбæттæны Цыбырты Людвиг бузныг загъта æмбырды архайджытæн, стæй фæндон бахаста, цæмæй Цæгат Кавказы иннæ республикæтæ дæр ахæм энциклопедитæ бацæттæ кæной æмæ сæ джиппы рауадзой. Уыдоны бындурыл та Цæгат Кавказы цæрæг адæмыхæттыты этнографион иумæйаг энциклопеди ныммыхуыр кæнын. Кæсæджы минæвар (йæ ном, йæ мыггаг ын нал хъуыды кæнын) уæд хъæрæй афтæ бакодта: "Цæмæй ахæм энциклопеди рауадзæм, уый тыххæй нæ Цыбырты Людвиджы хуызæн ахуыргонд хъæуы!" Хуыздæр ма куыд зæгъгæ у!


Ныр дæр та нæм нæ сыхæгтæ, кæй зæгъын æй хъæуы, иуæй хæлæг бакæндзысты, иннæмæй та сын хъыг уыдзæн "Ирон Нартиадæйы энциклопеди"-йы рацыд. Уымæн æмæ сын нарты сæхи рахонымы фæндæгтæ фидар цæнгæт дуæрттæй æхгæны.

Уæлдæр æй куы загътон, "Нарты кадджытæ" хицæн чиныгæй рауадзын стыр æнтыст уыд нæ ахуыргæндтæн. Æнæмæнг, стыр æмæ ахсджиаг цау уыд Абайты Васойы "Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат"-ы рацыд. Абон дæр дзы ирон адæм сты сæрыстыр. Суанг ма йæ англисаг æвзагмæ дæр ратæлмац кодтой. Сæ фарсмæ сын æрæвæрæн ис, Цыбырты Людвиг цы институты кусы, уый ахуыргæндтимæ "Ирон Нартиадæйы энциклопеди"-йæ джиппы цы æртæ егъау томы рауагъта, уыдон. Æз дæр "Ирон мифологион цардыуаджы дзырдуат" бацæттæ кодтон. Æцæг сыгъдæг адæмон сфæлдыстады хуымæтæг ирон æнцонæмбарæн æвзагыл. Уым бирæвæрсыгæй æвдыст цæуынц Нарты кадджыты архайджытæ дæр, хуымæтæг чиныгкæсæг сæ йæ зæрдæмæ куыд айса, уыцы хуызы. Цыбырты Людвиджы арæзт чиныг та фыст у фидар наукон уырыссаг æвзагыл. Цæмæй æцæгæлон адæмтæм дæр бахъара йæ рæстдзинад — Нартæ ирон адæмы кæй сты, уый. Нарты кадджыты ирон адæмы удыхъæд, дунеæмбарынад, зæрдæйы ахаст, зондахаст æвдыст кæй цæуы.

"Ирон Нартиадæйы энциклопеди" уырнинаг æрмæгæй уый бæрц хъæздыг у, æмæ йæ адæймаг кæсынæй не 'фсæды. Йæ размæ цы нысантæ æмæ хæстæ æрæвæрдтой, уыдон амынд цæуынц, чиныджы цъар куы рафæлдахай, уæд фыццаг фарсыл. Æмæ сæ æнтыстджынæй æххæст кæны. Ахсджиаг, хъæугæ æмæ ахадгæ наукон куыст у!

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Спортивон фидиуæг



Дзюдо

Рейтингон баллтæ рамбылдтой

Монголы Республикæйы сæйраг горæт Улан-Баторы ивгъуыд къуыри дзюдойæ цыдысты дунеон Гран-при турнир "Стыр згъæрхуд"-ы ерыстæ.

Турнир "Стыр згъæрхуд" у рейтингон. Йæ бæрæггæнæнтæ ахадгæ сты иннæ азы Олимпиаг хъæзтытæм балцæгтæ рамбулынæн. Улан-Баторы цы турнир цыдис, уым Уæрæсейы командæйы рæнхъыты архайдтой æртæ ирыстойнаг дзюдоисты.

Сылгоймæгты ерысты уыдысты **Джиоты Герсан** æмæ **Беккуызарты Аликы** хъомылгæнинаг, спорты сгуыхт мастер **Таймазты Мæдинæ**.

Нæлгоймæгты ерысты та нæ læппутæ дыууæйæ: дунеон къласы спорты мастер **Хуыбецты Алан** æмæ спорты сгуыхт мастер, Европæ æмæ дунейы чемпион **Тасойты Инал**.

Хуыбецты Аланы тренертæ сты **Цæгæраты Хъазыбег** æмæ **Беккуызарты Алик, Толасты Иналы** ерыстæм бацæттæгæнæг та у **Айларты Ирбег**.

Таймазты Мæдинæ, 70 кг онг уæзы хæцгæйæ, тыххæй бацахста 3-аг бынат.

Афтæ рауад Хуыбецты Аланы турнирон фæндаг фæкъуыхцы, уый аххосæй бацахста 3-аг бынат 81 кг онг уæзы. Йæ тренер Цæгæраты Хъазыбег куыд зæгъы рейтингон баллтæ. Зæгъæм, ныртæккæ ацы уæзы (81 кг) Уæрæсейы дзюдоисттæй Аланæй фылдæр рейтингон баллтæ никæмæ ис. Афтæ у Таймазты Мæдинæйы уавæр дæр".

Æнтыстджын рауад уæззау уæзы (+100 кг) Тасойты Иналы архайд. Уый зынгæ тыхджындæр уыд йæ цыппар ныхмæлæууæгæй æмæ сыл фæуæлахиз æнæкъуылымпыйæ. Суанг ма кæронбæттæны йæ ныхмæлæууæг, корейаг дзюдоист **Кимыл** дæр фæуæлахиз æмгъуыдæй раздæр. Сæ тохы 3-аг минутыл Инал цырд ныббырст ацарæзта, Кимы аппæрста татамийыл æмæ йын уыциу æвнæлдæй йæ къухæн риссаг ахст акодта. Тох ахицæн æмгъуыдæй раздæр Иналы пайдайæн. Ныридæгæн Иналы Олимпиаг хъæзтытæм балцæг райсыны рейтинг у Уæрæсейы дзюдоисттæй æппæты стырдæр. Уырны нæ, Инал уыцы уавæр йæ къухтæй кæй нал ауадздзæн, уый!

БАСКАТЫ Уырызмæг



ТАСОЙТЫ Инал æмæ иннæ чемпионтæ

фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл, фæлæ, ерысты 1/2 хайы япойнаг дзюдоисткæйæн хæрзчысыл кæй фæхæрд, уый дæр. Хорз рахæцыд æмæ фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл, фæлæ, æрдæгкæронбæттæны кæй гъы, афтæмæй: "Ахæм турниры 3-аг бынат бацахсын дæр у хорз æнтыстдзинад, уымæн æмæ дæтты рейтингон баллтæ никæмæ ис. Афтæ у Таймазты Мæдинæйы уавæр дæр".

Æнтыстджын рауад уæззау уæзы (+100 кг) Тасойты Иналы архайд. Уый зынгæ тыхджындæр уыд йæ цыппар ныхмæлæууæгæй æмæ сыл фæуæлахиз æнæкъуылымпыйæ. Суанг ма кæронбæттæны йæ ныхмæлæууæг, корейаг дзюдоист **Кимыл** дæр фæуæлахиз æмгъуыдæй раздæр. Сæ тохы 3-аг минутыл Инал цырд ныббырст ацарæзта, Кимы аппæрста татамийыл æмæ йын уыциу æвнæлдæй йæ къухæн риссаг ахст акодта. Тох ахицæн æмгъуыдæй раздæр Иналы пайдайæн. Ныридæгæн Иналы Олимпиаг хъæзтытæм балцæг райсыны рейтинг у Уæрæсейы дзюдоисттæй æппæты стырдæр. Уырны нæ, Инал уыцы уавæр йæ къухтæй кæй нал ауадздзæн, уый!

БАСКАТЫ Уырызмæг

Барадон фæтк

Ænæзакъон архайд

Бехъаны цæрæг ænæзакъонæй балер кæсаг кæй ахста, уый фæдыл ын тæрхоны æмгъуыд амынд цæуы.

23-аздзыд нæлгоймаджы автомашинæйы гуыффæйы пъæлицæйæгтæ ссардтой балер кæсæгтæ æмæ кæсагахсæн хи конд электрон æнгуыр.

Куыд рабæрæг, афтæмæй Бехъаны цæрæг автомобилы аккумуляторæй арæзт электрон æнгуырæй ахста Красногоры цæгат-скæсæн фарс суадоны фæзы балер кæсаг. Фыдгæнæджы архайд кæсагахсæн Цæгат-Кавказаг Федералон управленийы агентадæн зиан æрхаста 60 мин сомы аргъ.

Уый фæдыл нæлгоймагыл арæзт æрцыд уголовон хъуыддаг. Кæнæ 500 сомы ивар бафидын, йе та ахæстоны дыууæ азы фæбадыны тæрхон.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Æхсызгон цау

Ирон зарæг азæлыд дунеон фестивалы

Красноярскы уыд нæлгоймаг зарæггæнджыты профессион æмæ адæмон къордты дунеон фестивал. Сæ курдиат дзы вокалон аивады æвдыстой Мæскуыйы, Бетъырбухы, Новосибирскы, Сомихы, Гуырдзыйы, Беларусы зарæггæнæг академион æмæ адæмон къордтæ ссæдзæй фылдæр.



Дунеон фæстивалы жюрийы уæнгтæ, архайджытæ æмæ сæдзæгай аивадуарзджытæ æхсызгонæй сæмбæлдысты Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы ирон хъæбатыры зарæггæнджыты къорды зæрдæагайгæ курдиатыл. Йæ артисттæ, нæ республикæйы аивæдты сгуыхт архайæг, зындгонд хормейстер **Дзанайты Ольгæйы** разамындæй азарыдысты ирон æмæ уырыссаг адæмон æмæ дины зарджытæ.

— Бирæ зарæггæнджыты къордты курдиат æмæ арæхстдзинадæн уыдыстæм æвдисæн ацы фестивалы. Нæ бон фидарæй зæгъын у уый, æмæ нæ бæстæйы адæмон зарæджы культурæ тынг хъæздыг у. Цас хуыздæр æй зонæм, уыйас нæ фидæны царды уыдзыстæм удыхъæд, зонд æмæ курдиатæй тыхджындæр. Цы ирон зарджытæ акодтам фестивалы, уыдонæй жюри æмæ аивадуарзджыты зæрдæмæ фæцыдысты дзуæрттыл æмæ зæххы куысты фыдæлтыккон рагон зарджытæ, — загъта Ольгæ.

Нæ уацхæссæг

Сергей Рахманиновы райгуырды 150 азмæ

Цымыдисаг концерт

Гæздæнты Гайтойы номыл республикон Фæсивæдон библиотекæйы уыд уырыссаг номдзыд композитор Сергей Рахманиновы уацмыстæй арæзт концерт.



Бацæттæ йæ кодтой ацы рухсадон артдзæсты музыкалон аивады кусджытæ **Абойты Алетæ** æмæ **Каринæ Саркисян**. Ацы аз нæ бæстæйы аивадуарзджытæ бæрæг кæныныц композиторы 150 азы юбилей.

Библиотекæйы æмбырдты залмæ Сергей Рахманиновы алæмæты рæсугъд музыкæйы зæлтæм байхъусынмæ æрбацыдысты студенттæ æмæ, астæуккаг скъолаты сæрдыгон фæлладуадзæн лагерты чи ис, уыцы ахуырдзаутæ.

Композиторы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй цымыдисаг доклад скодта Каринæ Саркисян. Йæ раныхасмæ йын мидисджын видеослайдтæ бацæттæ кæныныл та бакуыста библиотекæйы директоры хæдивæг **Багъæраты Иринæ**.

Сергей Рахманиновы концерты йын йæ романстæ, зарджытæ æмæ фортепианойæн фыст уацмыстæ азарыдысты Оперæ æмæ балеты театры солисттæ дунеон æмæ æппæтуæрæсеон конкурсты лауреаттæ: **Амир Рахимов, Наталья Боглова, Ольгæ Борисова, Любовь Поветкина** æмæ **Иринæ Абатурова**.

Нæ уацхæссæг

Конкурс

"Бæллиц – разæнгардгæнæг æнкъарæн у"

Наркотикты æнæзакъон зилдухы æмæ наркоманиимæ тохы бонмæ Фæсивæдон хъуыддæгты фæдыл федералон агентад аразы онлайн мадзал æмæ æппæтуæрæсеон конкурс "Бæллиц разæнгардгæнæг — ды дæхæдæг".

Конкурсы архайынмæ курдиат бадæттæн ис 2023 азы 26 июнæй 2023 азы 10 июлмæ ФГАИС "Уæрæсейы фæсивæд" ссылкæ: myros-mol.ru/event/133404.

Ацы мадзалы рæстæг конкурсы архайджытæ социалон хыз "ВКонтакте"-йы посттæ æвæрынц, историтæ æмæ



цыбыр видеороликтæ. Уыдон æвдисынц авторы цæстæнгас, царды йæ разæнгард цы кæны, цавæр æхсызгондзинадæй баивдзæн психоактивон буаргъæдтæ кæнæ сидт, бынтон наркотиктыл къух сисынмæ. Мадзалы архайджыты мыхуыргонд æрмæджытимæ хъуамæ уой хештегтæ: #Стимулмоеймечты2023, #Противнаркотиков2023. Конкурсы тыххæй информаци ис конкурсы уагæвæрды.

Конкурсы хатдзæгтæм гæсгæ уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд цæуыдзысты зынаргъ лæвæрттæй.

РЦИ-Аланийы Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты пресс-службæ

Рохæн æвгъау нæмттæ

Цы йæ аив кафт, цы йæ бæхыл бадт...

Хадыхъаты Хетæг... Йе 'гъдау æмæ æфсарм йæ разæй кæмæн цыдысты, ахæм ныфсы гуырд, аивады зæрдиаг архайæг, йæ иузæрдион куырд. Цардбæллон, ныфсхаст, æмгарджын, хионуарзаг, цæхæрцæст лæппу. Уый хуызæн фæсивæд сты мыгагæн, хиуæттæн, æппæт Ирыстонæн йæ ныфсы æмæ æууæнчы рухсхæссæг стъалытæ. Фæлæ, охх, æнафоны сæ цардæй куы ацæуынц, уæд зæрдæ ныккæрзы, рустыл та æруайы судзаг цæссыг. Афæдзы размæ афтæ нызмæлыд Хадыхъаты Русланы уæзæг йæ хъæбул Хетæджы адзалæй, йæ уарзон Ирыстоны сау зæххы риумæ йе 'нафоны ацыдæй...

Коммæгæс æмæ æгъдауджынæй рæзыд Хетæг йæ райгуырæн хъæу Джызæлы. Йæ уды хорзæхтæй бахъуыды рæстæг лæггады хуызы рæдау хай кодта йæ ныййарджытæн, хиуæттæн, мыггагæн, сыхбæстæн. Йæ бирæ хиуæтты, æмгæртты астæу-иу куы æрлæууыд, уæд-иу æм афтæ каст, цыма, æгас дуне дæр йе 'вджид баци. Не 'фсæст, семæ кæм цардыл, кæм хъæуы ивгъуыд æмæ абоны æхсæнады уавæрыл ныхас кæнынæй. Йе 'ххуыс-иу кæм æмæ кæй бахъуыд, уымæн хистæр уа кæнæ кæстæр, йæ ныхасыл дыууæ никуы загъта. Йæ тыхст ын-иу ацарæзта.

Хетæг йæ сабийы бонтæй фæстæмæ уарзта кафын. Аивадмæ уарзт, хæдзонддзинад æмæ ирон æгъдау цыдысты йæ разæй Хадыхъаты уæздан кæстæрæн. Хъæуы, йе та сыхы, науæд мыггаджы цины хъазт æнæ уый фидаугæ дæр нæ кодта. Фæндыр æмæ къæрццæмдзæгъды зæлтæм-иу йæ аив уæнгтæ, арвы хъæбысы сæрибарæй, зилдухгæнæг цæргæсау, куы айтыгъта, уæд æм адæм хистæрæй, кæстæрæй кæсынæй нал æфсæстысты. Йе 'мкафæг чызгмæ-иу йæ мидбылты зына-нæзына уæздан худт куы бакодта, уæд-иу, цыма, сæ дыууæмæ дæр зæдтæ æмæ дауджытæ иумæ цингæнгæ кастысты, афтæ зынд. Уыцы рæстæг-иу уæлдайдæр хистæртæй, райхъуыст ахæм æхсызгоны æнкъарæнджын ныхæстæ: "Акæсут ма Хадыхъаты сæрæнгуырдмæ, раст, Арвы Уациллайы кæстæр фыртау, йæ бакаст, йæ конд, тæхудиаг сты йæ ныййарджытæ, ахæм кæстæр кæй хæдзарæй рахизы".

Кафт-иу куы фæци, уæд та-иу ын радыгай хъазтмæ кæсджытæй чи йæ къух иста, чи фæлмæн хъæбыс кодта. Уый фæстæ-иу хистæрты арфæтæ рæвдыдтой лæппуйы цардбæллон зæрдæ: "Кафаг лæппу хæдзар нæ дары, фыдæлты зонд у, фæлæ ды дæ арæхстдзинад æмæ уæнгты кондæй, курдиаты цæхæрæй, хæдзар нæ, фæлæ галуан дæр дардзынæ".

Цæстуарзон хистæрæн йæ арфæ царды цæуы, уымæн æмæ йæм Хуыцау дæр байхъусы. Афтæ рауад цæхæрцæст Хетæджы цыбыр, фæлæ бæллиццаг царды аив фæндаг. Джызæлы фыццæгæм астæуккаг скъолайы авд къласы каст куы фæци, уæд æй дарддæр йæ хъысмæты бардуаг ахуыдта Гергиты Валерийы номыл аивæдты колледжы хореографийы хайадмæ. Йæ уаг æмæ уындæй куыд зæрдæагайгæ уыд, ахæм хуызы йæхи дардта йæ ахуыргæнджытæ æмæ æмбæлттимæ. Фæлмæн, уæздан æмæ æмбаргæ ныхасæй дарддæр дзы æнæуаг, æнæууылд дзырд хъусгæ дæр никуы ничи фæкодта.



Ахуыры раззаг студентыл йæ курдиат æмæ хореографион уагæй йæ цæттæдзинадыл йæ цæст æрæвæрдта Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты адæмон кафты сгуыхт ансамбл "Ирыстон"-ы аивадон разамонæг Плиты Махарбег.

Цалдæр азы ацы къорды æнтыстджынæй фæкодта йæ балц ирон кафты дунейы Хадыхъаты уæздан Хетæг. Ансамблы сæйраг къорды нымад уыд хуыздæр кафæгыл. Нæ республикæйы уа, нæ бæстæйы горæтты, фæсарæнты, йæ курдиат-иу хорзæй сахадыдта, ирон кафтæн аргъæнæг аивадуарзджыты æмæ профессион уагæй йæ ахуыр кæнынмæ чи хъавы, уыцы астæуккаг æмæ æрыгон фæлтæрыл.

Йæ уд æмæ зæрдæйы ирон кафтмæ цы уарзт уыд, уымæн йæ арæнтæ æгæрон уыдысты. Цас фылдæр йæ алæмæты фурды æрфыты цыд, уый бæрц йæ удæн адджындæр, хицондæр кодтой адæмон кафт æмæ йемæ баст хореографийы аивады æндæр хуызтæ. Сæ сусæгдзинæдтæ сын æргом кæныны фæндагыл цыд арæхстгай æмæ бонзонгæйæ.

Ансамбл "Ирыстон"-ы Хетæгимæ цы фæсивæд кафыд, уыдон ын дис кодтой йе 'рдзон курдиатыл, йæ цæхæр фезмæлдыл, йе уæнгты аив конд æмæ уындыл. Сценæйы уа, гастролон балцвæндагыл læппуйæн йæ алы уæнг æмæ ныхасы дæр уыд æрхъуыдыдзинад, цæстуарзондзинад, фыдæлты тæхудиаджы æфсарм.

Чысыл рæстæг фæци Хадыхъаты Хетæг адæмон кафты сгуыхт ансамбл "Ирыстон"-ы сæйраг къорды. Цы уаг æмæ дзы аивад æвдыста, уый абон дæр хорзæй мысынц йæ разамынд, кафджытæ æмæ аивадуарзджытæ.

Уæздан гуырдæн хур æмæ Хуыцау дæр йæ развæндаг рухсгæнæг вæййынц. Уыцы уагыл Хетæгæн ансамбл "Ирыстон"-ы сфæлдыстадон фыццаг къахдзæфтæ акæныны фæстæ байгом цирчы аивады дуне. Йæ арæхстдзинад, кафджы курдиат, уæнгты конд ын фадат радтой, цæмæй йæ УФ-йы адæмон артист Нугзараты Тамерлан райса йæхи циркмæ, æмæ йæ номдзыд аивадон къордимæ хорзы цæуа канд нæ республикæйы аивадуарзджытæн нæ, фæлæ ма нæ бæстæйы, æмæ суанг дунейы дзыллæтæн дæр. Сæрмагондæй йын уыд хицæн аивадон номыр "Хохаг". Хетæг дзы æвдыста, дунейы цирчы аивады, зындгонд бæхылбаджытæ æмæ каскадертæн, зын сфæлхатгæнæн чи уыд, ахæм цирчы бæхтыл хъаст.

— Бæх æмæ цирчы артист сты мад æмæ сабийы хуызæн. Се 'хсæн канд сфæлдыстадон бастдзинад нæй. Уыдон фенкъарынц кæрæдзийы цæстæнгас, сулæфт æмæ бандзæвд, зæрдæйы цин æмæ рис. Ацы цæрæгой, сабийау, у сыгъдæг æмæ æргомуд. Нæй йæ афæливæн. Тæргай йæ былалгъыл бады. Дæ сыгъдæг æмæ æвронг ахаст дын куы æмбара, уæд дыл цирчы фæзы уа, царды уа, уыдзæн адæймагæй æнувыддæр, — дзырдта-иу æхсызгонæй Хетæг.

Уымæн æмæ, йæ арæхстдзинады цæхæр цы бæхыл æвдыста, уыимæ арæхст уаид иумæйаг æвзаг сосарынмæ, æмкъахдзæф кæнын сфæлдыстады, мингай аивадуарзджытæн цин æмæ удæнцойдзинад хæсгæйæ.

Сабийау сыгъдæг уыд Хадыхъаты цæхæрзæрдæ Хетæджы уд æмæ хурвæлыстдæр рæстæджы, сусæны мæй, ацы хатт йæ балц йæ райгуырæн Ирыстонмæ рауад æнамонд. Йе 'мбæлттимæ йыл йæ къонамæ балцвæндагыл, йе 'фсæн бæх фæкалд. Йæ дуне батар уарзон фырт, æмгарджын, хиуæттæ уарзаг, мыггагыл æнувыд кæстæр, царды цинтæ адæмыл парахатæй уарæг курдиатджын кафæг æмæ цирчы артистыл...

ГАСАНТЫ Валери

Судзгæ къæлæт

(Райдайæн 2 фарсыл)

"Ахсджиаг тохы размæ, — алы хатт дæр-иу æрымысыд Магкæты Валодя (уæды рæстæджы æрыгон коммунист), — æз ротæйы командирæй (уыимæ та мах уыдыстæм иу экипажы) бар ракуырдтон Уастырджимæ мадæлон æвзагыл скувыны тыххæй, цæмæй фæуæлахиз уæм знагыл, æмæ бахъахъхъæна нæ æмполкъонты цард. Командир куы базыдта, Уастырджи ирæттæн чи у, уый, уæд дыууæ нæ загъта мæ куырдиатыл. Æмæ, æцæгдæр, мах не 'фсæддон хæс сæххæст кодтам тæккæ къаддæр сæфтытимæ. Уæдæй фæстæмæ алы ног тохы размæ дæр мæ-иу нæ хæддзæвгæйы экипажы уæнгтæ нал æмæ нал уагътой: "Уæ Сыгъдæг зæдмæ та ма скув, Валодя, цæмæй нæ бахъахъхъæна!" Иу ныхасæй, ацы æгъдау традицион ссис нæ хæддзæвгæйы, суанг хæсты кæронмæ".

Æрхъулайы чи бахауд, уыцы гитлероны стыр къорд дæрæнгонд куы 'рцыд, уæд бирæ танкистæ, сармадзанæй æхсджытæ æмæ фистæгдзæуджытæ хорзæхджынгонд æрцыдысты хæстон ордентæ æмæ майдантæй. Йæ фыццаг орден райста не 'мзæххон дæр. Фæстæдæр та уыдысты æндæр ордентæ æмæ майдантæ дæр: Львов, Польшæйы горæттæ æмæ хъæуты ссæрибар кæныны, цæугæдон Вислæйыл ахизыны, Сандомирскаг фидар басæттыны æмæ, æппынфæстаг, Берлин байсыны операцийы архайыны тыххæй дæр.

Цæвиттон, немыцаг фашистты лæгæтмæ иумæйаг ныббырст æнтыстджынæй куыд ацæуа, уый тыххæй Фыццæгæм Украинаг фронты дæлхайæдтыл ахæм хæс æвæрд уыд, цæмæй, фюрер æмæ йæ генералтæ сæ зæрдæ кæуыл дардтой, уыцы хъахъхъæнæн хаххæрбатыдтаиккой. Хæддзæвгæтæ аккаг хуызы сæхи равдыстой Берлины уынгты карз хæстыты, уайтагъддæр-иу ныхъхъус кодтой знаджы æхсæн бынæттæ, æмæ, фæндаг акъæртт кæнгæйæ, размæ бырстой советон фистæгцæуджытæ.

"1945 азы 4 майы кæрон, — дарддæр йæ ныхас кæны Магкæты Валодя, — бардзырд райстам, Дыккæгæм Украинаг фронты скондмæ кæй бацыдыстæм, уый тыххæй, æмæ нæ æвæстиатæй балæууын кодтой Чехословакийы знаджы стыр къорд Прагæмæ æввахс ныддæрæн кæныны тыххæй. Мæ фронты биографийы ацы фæсты хæсты гитлеронтимæ нæ хæддзæвгæйыл сармадзаны нæмыг сæмбæлд, мæнæн та мæ къах фæцæф, æмæ æфсæддон госпиталмæ бахаудтæн Житомиры облæсты горæт Овручы".

Ам хистæр лейтенант канд Уæлахизы боныл нæ сæмбæлд, фæлæ ма медицинон хо Машæйыл дæр. Хæсты фæстæ уыдон сæ царды баиу кодтой æмæ сæ æдзухдæр рæстæгмæ къуымты цæрын бахъуыд Сыбыры, Украинæйы, Беларусы æмæ Советон æфсæдты къорды Германы æфсæддон гарнизонты. Дæлбулкъоны цины фæстауæрцы куы рацыд, уæд та йæ къай Марияимæ йæ фыды хæдзар бацагуырдтой Алагиры. Фæстæдæр Магкæты бинонтæн фатер радтой Дзæуджыхъæуы. Кæд абон не 'хсæн нал ис, къорд азы размæ йæ цардæй ахицæн, уæддæр республикæйы сæйраг горæт æмæ йæ райгуырæн райцентры дæр уый бахъуыды кодтой, кæстæрты æфсæддон-патриотон хъомыладмæ стыр æвæрæн чи бахаста, ахæм æхсæнадон архайæгæй.

Цæгат Ирыстоны цæргæйæ, Магкæты Цымырзæйы фырт Валодя иу хатт дæр Уæлахизы парад никуы ныууагъта Дзæуджыхъæуы Сæрибары фæзы. Æфсæддон уæлæдарæсы-иу араст бæрæгбонмæ æмæ æнæ æрымысгæ никуы фæци йæ хæстон æмбæлттæй.

ТОХСЫРТЫ Къоста

**Пошив матрацев и одеял,
есть в наличии и на заказ;
стирка и ческа шерсти.
Тел.:
8-989-037-18-04.**

Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Рауагъды редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015,
РЦИ-Алани,
г. Дзæуджыхъæу,
Къостайы
проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3434.
Заказ № 720.
Мыхуырмæ
хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru